

La Bib pou ti moun
prézanté

Bondye ap pase
lanmou Abraram
nan nan
eprèv



Ékri pa : Edward Hughes

Ilistré pa : Byron Unger; Lazarus
Alastair Paterson

Adapté pa : M. Maillot; Tammy S.

Tradwi pa : Ausky Salomon

Pwodwi pa : Bible for Children
www.M1914.org

©2025 Bible for Children, Inc.

Lisans : Ou gen dwa pou copyé o swa fè fotocopi istwa sa,
dépi sé pa pou van-n ou fè li.



Yon jou lannuit, Bondye
te bay Abraram yon lòd
etranj. Se te yon tès
pou l wè si Abraram te
renmen pitit gason li a
Izarak plis pase li te
renmen Bondye.



"Pran pitit gason w lan Izarak epi
ofri li kòm yon sakrifis ban
mwen," Bondye te bay lòd. Ofri
Izarak ? Sakrifye
pitit gason l an ? Sa
te difisil pou Abraram.
Li te renmen pitit
gason l an anpil.



Men, Abraram te aprann fè Bondye
konfyans menm lè li pa te konprann
anyen. Nan maten, li te pati
pou l ale sou mòn sakrifis la
avèk Izarak ak de sèvitè.



Anvan Abraram ale, li
te fanm bwa pou l fè
dife pou sakrifis la.
Abraram te gen
entansyon obeyi
Bondye.



Twa jou apre, lè yo t ap
pwoche bò mòn nan, Abraram di
sèvitè li yo : "Rete la a. Mwen menm
avèk Izarak prale jouk lòtbò a pou
n al adore Bondye, epi n ap retounen vin
chèche nou." Izarak te pote bwa

a, epi Abraram te
pran chabon pou
dife a — ak yon
kouto.



"Kote ti mouton pou sakrifis
la ?" Izarak te mande.


"Bondye ap ban nou li menm
yon ti mouton," Abraram te
reponn.



Yo toulede te rive kote Bondye te chwazi a.
Abraram te bati yon lotèl epi li te mete
bwa yo sou li pou ofrann Bondye a.
Abraram te fè anpil lotèl anvan sa,
men sa a se li ki te pi difisil
pou fèt sètènman.




Abraram te mare Izarak epi li te
mete pitit gason li renmen anpil la
sou lotèl la. Èske Abraram t'apral
obeyi Bondye epi sakrifye Izarak,
sèl pitit gason li renmen anpil la
toutbonvre ?





Wi ! Lam kouto
a te te klere lè
Abraram te
leve li byen wo.
Kè li te brize
sandout, men
Abraram te
konnen li te dwe
obeyi Bondye.



"KANPE
LA !" zanj
Bondye a te
rele byen fò.
"Kounye a
mwen konnen
ou gen krentif
pou Bondye,
paske w pa te
refize ban
mwen sèl
pitit gason
w lan."



Lè Abraram te wè yon belye nan
yon touf bwa, li te libere Izarak,
li te sakrifye belye a nan plas li.
Li posib pou Izarak te
panse : "Bondye te fè l
ekzakteman jan papa mwen
te di li a."



Pandan papa a ak pitit gason l an t ap adore Bondye,
zanj lan te pale ak Abraram ankò : "Tout pèp sou latè
apral jwenn benediksyon gras ak desandans ou yo,
paske ou te obeyi mwen." Pita, Jezi
t apral fèt nan desandans Abraram.



Abraram ak Izarak te retounen lakay yo. Kèk tan apre, tristès te anvayi yo. Sara te mouri. Abraram te pèdi madanm li, epi Izarak te pèdi manman l.



Aprè antèman an,
Abraram te voye chèf
sèvitè li yo al chache yon
madanm pou Izarak. Sèvitè a te
retounen nan peyi kote yo te soti a pou li
jwenn fanm sa a nan

fanmi
Abraram.



Sèvitè a te mande Bondye yon siy. "Se pou fanm ki pral bay chamo mwen yo dlo a se li menm ki te rezeve pou Izarak !" Menm kote a, Rebeka te ofri pou li bay chamo yo dlo. Li te youn nan manb fanmi Abraram yo. Sèvitè a te konnen Bondye te reponn priyè li a.



Rebeka te kite fanmi li pou l ale marye ak Izarak.
Se konsa li te konsole pou lanmò manman l. Izarak
te renmen Rebeka anpil !



Bondye ap pase lanmou Abraram nan nan eprèv

Yon istwa soti nan pawòl Bondyé-a, la Bib,

Nap jwen-n nan

Jenèz 22-24

"Pawòl Bondyé poté limyè."

Sòm 119 : 130



Fen



Istwa biblik sa rakonté nou kòman ké gen yon mèvèyé Bondyé
ki kréyé nou é ki vlé pou ou konnen Li tou.

Bondyé konnen ké nou fè mové aksyon ki rélé péché. Pinisyon pou
péché sé lanmò. Sèlman Bondyé renmen nou si tèlman ké Li voyé sèl
gren-n pitit Li-a Jézi, ki mouri sou lakwa pou nou, dékwa pou Li sa péyé
dèt péché nou yo pou nou. Apré sa Jézi té résité, é Li monté nan
syèl la ! Ou men-m tou, si ou kwè nan Jézi é si ou mandé Li ak tout
kè-w pou Li padoné péché ou yo, L'ap fè sa pou ou ! L'ap rantré nan
lavi-w touswit é wap maché avèk Li pou tout tan.

Si ou kwè ké sa ou fèk sot tandé-a sé la vérité, résité priyè sa :
"Sényè Jézi, mwen kwè ké ou sé pitit Bondyé, mwen kwè ké ou té mouri
pou mwen épi ou résité ankò. Tanpri, rantré nan lavi mwen, padoné
péché mwen yo, pou mwen sa gen yon nouvo lavi kounyé-a la, konsa lè
gran jou-a va rivé, m'a va abité avè-w nan rwayòm ou an pou l'éternité.
Édé-m obéyi-w é édém viv pou ou an tan ké pitit ou. Amèn.

Li La Bib ou épi palé ak Bondyé chak jou ! Jan 3 : 16

